



Enfòmasyon pou paran ak gadyen elèv k ap aprann anglè

Antanke paran/gadyen yon elèv k ap aprann anglè (English Learner, EL), ou kapab mande pou yo ba w ase enfòmasyon sou pwogram ansèyman lang ou chwazi pou pitit ou. Lis annapre a adrese anpil sijè ki ta ka enterese w. Antanke paran/gadyen yon EL, ou kapab:

1. Resevwa yon edikasyon piblik gratis pou pitit ou nan distri lekòl kote ou rete a, kèlkeswa sitiayson pa w oswa sitiayson pitit ou nan imigrasyon (pa egzanp, kit manm fanmi ou yo se sitwayen, imigran, oswa san papye legal) ak lang ke ou menm oswa pitit ou yo pale.
2. Enskri pitit ou nan lekòl la san yo pa mande w bay enfòmasyon oswa dokiman ki ka revele estati imigrasyon w oswa pitit ou. Yo pa ka mande w pou bay yon kat oswa yon nimewo sekirite sosyal, yon viza imigrasyon oswa estati viza, oswa dokiman sitwayènte oswa estati sitwayènte.
3. Mande yon entèprèt/tradiktè ki kalifye nan lang ou prefere a pou entèraksyon enpòtan ak distri lekòl la.
4. Mete pitit ou nan yon pwogram bileng si lekòl la egzije w pou bay yon pwogram konsa. Distri nan Connecticut yo egzije bay yon pwogram bileng nan nenpòt lekòl kote gen 20 elèv oswa plis ki pale menm lang natifnatal ki pa anglè. Nan kèk ka, distri yo ranfòse pwogram bileng yo nan kèk bilding lekòl sèlman. Sepandan, si lekòl pitit ou a fè w egzijans pou bay yon pwogram bileng epi distri a chwazi bay li yon lòt kote, pitit ou a gen dwa pou li ale nan pwogram bileng sa a e yo dwe ofri li transpò pou ale ak pou soti nan pwogram nan.
5. Voye yon avi alekri nan lang anglè ak nan lang ou prefere a pou w idantife pitit ou a kòm yon EL epi chwazi pwogram ansèyman lang ou ta renmen pou pitit ou a oswa refize sèvis ansèyman lang yo.
6. Resevwa sesyon oryantasyon kalite siperyè, ke distri lekòl ou a bay ki konsantre sou estanda eta, egzamen ak atant lekòl la pou EL yo, ansanm k objektif pwogram ak kondisyon pou enstriksyon langaj, ki ka gen ladan I Edikasyon Bileng ak Anglè kòm yon dezyèm lang (ESL) oswa lòt modèl ankò.
7. Resevwa enfòmasyon sou developman pitit ou a nan lang anglè, epi tou sou developman langaj yo lakay yo si yo nan yon pwogram Edikasyon Bileng. Li pi bon pou yo kominike enfòmasyon sa yo gradyèlman, men ou dwe, omwen, resevwa rezulta evalyasyon konpetans anyèl pitit ou a nan lang anglè (Lyen LAS yo) ak yon notifikasyon pou fè w konnen pitit ou a kite oswa ap kontinye nan pwogram EL la pou ane lekòl kap vini an.
8. Rankontre ak anplwaye lekòl la omwen yon fwa chak ane, anplis lòt reyinyon jeneralman obligatwa yo, diskite sou ansèyman jeneral pitit ou a ak pwogrè developman langaj li.

9. Mande pou yo plase pitit ou nan yon pwogram edikasyon bileng oswa angle kòm yon dezyèm lang nan 30 jou kalandriye apre enskripsyon l si se nan kòmansman ane lekòl la oswa nan lespas 10 jou kalandriye nan apre enskripsyon l si se pandan ane lekòl la, epi w gen dwa pou w kite yon pwogram ansèyman lengwistik.
10. Mande pou yo transfere pitit ou a nan yon lòt lekòl nan distri w la si li ofri Edikasyon Bileng nan lang ou a, si premye lekòl pitit ou yo pa ofri yon pwogram konsa.
11. Resevwa menm aksè nan tout pwogram ak sèvis distri lekòl la ofri, ki apwopriye ak laj ak nivo klas ki gen ladan sa yo egzije pou gradyasyon, ak tout pwogram lekòl ki disponib pou lòt elèv yo.
12. Resevwa tout ansèyman kontni debaz yo, epi yo aprann anglè ak lòt matyè tankou Lekti/Literati, Matematik, Syans, ak Syans sosyal nan menm nivo akademik ak tout lòt timoun yo. Vin gen dwa nan sèvis EL yo san yo pa limite posibilité pou jwenn enstriksyon fondamantal debaz yo.
13. Gen aksè konplè nan aktivite ki pa nan kourikoulòm nan (klèb apre lekòl, espò, elatriye). Vin gen dwa nan sèvis EL yo san yo pa limite posibilité pou patisipe nan aktivite ki pa nan kourikoulòm nan.
14. Jwenn sèvis sipò (pa egzanp, Sèvis Entèvansyon Akademik) ki mache ak nenpòt plan entèvansyon, jan lekòl la jije li nesesè.
15. Mande pou yo teste pitit ou a chak ane pou detèmine pwogrè li nan lang anglè, epi pou jwenn enfòmasyon sou pèfòmans pitit ou a nan tès akademik yo.
16. Mande pou pitit ou yo enskri kontinyèlman ane a ane nan yon pwogram ansèyman lengwistik (sètadi, bileng, ESL) pandan yo rete EL.
17. Kontakte Depatman Edikasyon Eta Connecticut si yo vyole nenpòt nan dwa ki pi wo yo.

Tanpri kontakte [Gladys Labas](#), Direktè sou Tretman Egal Ego ak Lang, ak [Megan Alubicki Flick](#), konsiltan pou elèv k ap aprann anglè nan Depatman Edikasyon Eta Connecticut pou kesyon oswa pou plis enfòmasyon.

Referans ak Resous

Lis sa a bay direktiv, lwa ak estati ki sipòte dwa paran EL yo dekri nan paj anvan yo. Sonje nimewo a koresponn ak nimewo referans ki adwat nan paj dokiman ki pi wo yo:

1. [**Tit VII nan Lwa 1964 sou Dwa Sivil, P. L. No. 88-352, 78 Stat. 241 \(1964\); Lwa 2015 sou Revisit Chak Elèv, P.L. 114-95, U.S.S. § 1177 \(2015\); Lèt pou Chè Kolèg: Elèv k ap Aprann Anglè 1/7/2015**](#)
2. [**Lèt pou Chè Kolèg: Pwosedi Enskripsyon Lekòl la 5/4/14**](#)
3. [**Lèt pou Chè Kolèg: Elèv k ap Aprann Anglè 1/7/2015; Gade Bwat Zouti pou Elèv k ap Aprann Anglè**](#) nan Biwo Akizisyon Lang Anglè (OELA) Depatman Edikasyon Etazini an.
Espesyalman, Chapit 10 la ki konsantre sou "Asire Bonjan Kominikasyon ak Paran ki limite nan Lang Anglè."
4. [**Lwa Bileng nan Connecticut, CGS 10-17e-n, enklizif**](#)
5. [**Lèt pou Chè Kolèg: Elèv k ap Aprann Anglè 1/7/2015; Gade Bwat Zouti pou Elèv k ap Aprann Anglè**](#) OELA nan Biwo Depatman Edikasyon Etazini an. Espesyalman, Chapit 1 an ki konsantre sou pwosesis idantifikasiyon ak kondisyon pou komunikasyon ak fanmi yo sou idantifikasiyon ak opsyon pwogram yo.
6. [**CGS 10-17f\(e\)**](#)
7. [**CGS 10-17f\(e\)**](#)
8. [**Lèt pou Chè Kolèg: Elèv k ap Aprann Anglè 1/7/2015; Gade Bwat Zouti pou Elèv k ap Aprann Anglè**](#) nan Biwo Akizisyon Lang Anglè (OELA) Depatman Edikasyon Etazini an.
Espesyalman, Chapit 1 an ki konsantre sou pwosesis idantifikasiyon ak kondisyon pou komunikasyon ak fanmi yo sou idantifikasiyon ak opsyon pwogram yo.
9. [**Tit VII nan Lwa 1964 sou Dwa Sivil, P. L. No. 88-352, 78 Stat. 241 \(1964\); Lwa 2015 sou Revisit Chak Elèv, P.L. 114-95, U.S.S. § 1177 \(2015\); Lèt pou Chè Kolèg: Elèv k ap Aprann Anglè 1/7/2015; Gade Bwat Zouti pou Elèv k ap Aprann Anglè**](#) OELA nan Biwo Depatman Edikasyon Etazini an. Espesyalman, Chapit 5 lan ki konsantre sou "Zouti ak Resous pou kreye yon anviwònman enklizif epi evite segregasyon ki pa nesesè."
10. [**Lèt pou Chè Kolèg: Elèv k ap Aprann Anglè 1/7/2015; Gade Bwat Zouti pou Elèv k ap Aprann Anglè**](#) OELA nan Biwo Depatman Edikasyon Etazini an. Espesyalman, Chapit 4 la ki konsantre sou "Aksè siyifikatif nan pwogram kourikoulòm debaz yo, pwogram siplemantè kourikoulòm yo" ak Chapit 5 lan ki konsantre sou "Zouti ak Resous pou kreye yon anviwònman enklizif epi evite segregasyon ki pa nesesè."
11. [**Lèt pou Chè Kolèg: Elèv k ap Aprann Anglè 1/7/2015; Gade Bwat Zouti pou Elèv k ap Aprann Anglè**](#) OELA nan Biwo Depatman Edikasyon Etazini an. Espesyalman, Chapit 4 la ki konsantre sou "Aksè siyifikatif nan pwogram kourikoulòm debaz yo, pwogram siplemantè kourikoulòm yo" ak Chapit 6 lan ki konsantre sou "Pwoblèm elèv k ap aprann anglè ki gen andikap."
12. [**Lèt pou Chè Kolèg: Elèv k ap Aprann Anglè 1/7/2015; Gade Bwat Zouti pou Elèv k ap Aprann Anglè**](#) OELA nan Biwo Depatman Edikasyon Etazini an. Espesyalman, Chapit 4 la ki konsantre sou "Aksè siyifikatif nan pwogram kourikoulòm debaz yo, pwogram siplemantè kourikoulòm yo" ak Chapit 5 lan ki konsantre sou "Zouti ak Resous pou kreye yon anviwònman enklizif epi evite segregasyon ki pa nesesè."
13. [**Lèt pou Chè Kolèg: Elèv k ap Aprann Anglè 1/7/2015; Gade Bwat Zouti pou Elèv k ap Aprann Anglè**](#) OELA nan Biwo Depatman Edikasyon Etazini an. Espesyalman, Chapit 4 la ki konsantre sou "Aksè siyifikatif nan pwogram kourikoulòm debaz yo, pwogram siplemantè kourikoulòm yo" ak Chapit 6 lan ki konsantre sou "Pwoblèm elèv k ap aprann anglè ki gen andikap."
14. [**Lèt pou Chè Kolèg: Elèv k ap Aprann Anglè 1/7/2015; Gade Bwat Zouti pou Elèv k ap Aprann Anglè**](#) OELA nan Biwo Depatman Edikasyon Etazini an. Espesyalman, Chapit 4 la ki konsantre sou "Aksè siyifikatif nan pwogram kourikoulòm debaz yo, pwogram siplemantè kourikoulòm yo" ak Chapit 6 lan ki konsantre sou "Pwoblèm elèv k ap aprann anglè ki gen andikap."
15. [**Lwa 2015 sou Revisit Chak Elèv, P.L. 114-95, U.S.S. § 1177 \(2015\)**](#)
16. [**Lwa 2015 sou Revisit Chak Elèv, P.L. 114-95, U.S.S. § 1177 \(2015\)**](#)

Lòt Resous

Lwa Bileng nan Connecticut. [CGS 10-17f\(e\)](#)

[Paj pou Elèv k ap aprann anglè nan Depatman Edikasyon Eta Connecticut](#)

[Depatman Edikasyon Eta Connecticut Evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè-Paj](#)

[Lyen LAS Depatman Edikasyon Eta Connecticut Resous COVID pou Fanmi yo](#)

[Lèt pou Chè Kolèg: Pwosedi Enskripsyon](#)

[Lekòl la 5/4/14 Lèt pou Chè Kolèg: Elèv k](#)

[ap Aprann Anglè 1/7/2015](#)

[Lwa 2015 sou Reyisit Chak Elèv, P.L. 114-95, U.S.S. § 1177 \(2015\)](#)

[Tit VII nan Lwa 1964 sou Dwa Sivil, P. L. No. 88-352, 78 Stat. 241 \(1964\)](#)

[Bwat Zouti pou Elèv k ap Aprann Anglè nan Biwo Akizisyon Lang Anglè](#)

[Depatman Edikasyon Etazini an Bwat Zouti pou Nouvo Veni](#) nan Biwo

Akizisyon Lang Anglè Depatman Edikasyon Etazini an

[Bwat Zouti pou Fanmi k ap aprann anglè](#) nan Biwo Akizisyon Lang Anglè
nan Sant nasyonal echanj enfòmasyon Depatman Edikasyon Etazini

Depatman Edikasyon Eta Connecticut pa fè diskriminasyon nan okenn pratik travay, pwogram edikasyon, oswa aktivite edikatif sou baz laj, zansèt, koulè, dosye kriminèl, idantite seksyèl oswa ekspresyon, enfòmasyon jenetik, andikap entelektyèl, andikap aprantisaj, eta sivil, andikap/maladi mantal (istwa ki pase oswa prezan), orijin nasyonal, andikap fizik (avèg ak lòt ankò), ras, kwayans reliye, vanjans (paske w te pote plent pou yon konduit ou kwè ki diskriminatwa), sèks (ki gen ladan gwosès, asèlman seksyèl ak danje pou sistèm repwidiktif la nan espas travay la), oryantasyon seksyèl, oswa ki baze sou nenpòt lòt bagay entèdi nan eta Connecticut ak/oswa lwa federal san diskriminasyon sof si gen yon kalifikasyon okipasyonèl eksepte moun ki nan nenpòt nan gwoup moun pwoteje ki pi wo yo. Demann ransèyman konsènan règleman nondiskriminasyon Depatman Edikasyon Eta Connecticut la ta dwe adresé bay: Levy Gillespie, Direktè Opòtinite Travay Egal/Koòdonatè Lwa sou Ameriken ki Andikape, Depatman Edikasyon Eta Connecticut, 450 Columbus Blvd., Hartford, CT 06103: 860-807-2071, Levy.Gillespie@ct.gov